



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

*Yo administre 95,434 dòz vaksen pandan 24 èdtan ki sot pase yo*

*COVID-19 lakoz 31 lanmò nan tout eta a yè*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Pou kapab pase sezon fèt la an sekirite avèk pwòch nou yo, nou dwe rete vijilan nan batay nou kont COVID-19 la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Si ou poko te fè sa, pran vaksen an. Si ou gen yon timoun, pwoteje li nan pran vaksen an. Epi si ou te deja pran vaksen an men santi ou andanje, pran vaksen siplemantè (rapèl) ou a epi n ap kapab mete fen nan pandemi sa a ansanm".

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Rezulta Tès yo te Rapòte yo** - 160,747
- **Total Pozitif** - 6,114
- **Pousantaj Pozitif** - 3.80%
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 3.47%
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,102 (+51)
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 328
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 414 (-8)
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 225 (-6)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 212,015 (+265)
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS** - 31
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS** - 46,101

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

· **Total ka lanmò CDC a rapòte epi ki konpile se** - 58,732  
Done pwovizwa sou sètifikasi lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre** - 28,627,601
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo** - 95,434
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo** - 654,701
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen** - 85.0%
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo** - 77.7%
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC)** - 89.3%
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC)** - 79.9%
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen** - 72.9%
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo** - 65.8%
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC)** - 76.2%
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC)** - 67.7%

Pousantaj rezulta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>REJYON</b>	<b>Dimanch 14 novanm 2021</b>	<b>Lendi 15 novanm 2021</b>	<b>Madi 16 novanm 2021</b>
Capital Region	5.62%	5.80%	5.68%
Central New York	5.54%	5.66%	6.01%
Finger Lakes	8.44%	8.73%	8.77%
Long Island	3.33%	3.48%	3.59%
Mid-Hudson	2.55%	2.70%	2.75%
Mohawk Valley	6.76%	6.92%	7.21%
New York City	1.38%	1.41%	1.44%
North Country	6.54%	6.73%	6.92%
Southern Tier	4.61%	4.68%	4.72%
Western New York	8.19%	8.52%	8.87%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>3.30%</b>	<b>3.40%</b>	<b>3.47%</b>

Pousantaj rezulta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>MINISIPALITE</b>	<b>Dimanch 14 novanm 2021</b>	<b>Lendi 15 novanm 2021</b>	<b>Madi 16 novanm 2021</b>
Bronx	1.23%	1.24%	1.27%
Kings	1.49%	1.53%	1.56%
New York	1.12%	1.12%	1.13%
Queens	1.50%	1.54%	1.58%
Richmond	1.88%	1.98%	2.07%

Yè, te gen 6,114 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin se 2,618,458. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Albany	33,023	94
Allegany	5,570	27
Broome	26,933	129
Cattaraugus	9,131	88
Cayuga	9,336	44
Chautauqua	13,806	95
Chemung	12,111	62
Chenango	5,193	22
Clinton	7,582	17
Columbia	5,356	16
Cortland	5,876	24
Delaware	4,060	17
Dutchess	37,007	64
Erie	116,780	554
Essex	2,794	8
Franklin	4,977	50
Fulton	7,344	65
Genesee	7,998	68
Greene	4,691	14
Hamilton	493	3
Herkimer	7,748	52
Jefferson	10,461	74
Lewis	3,966	25
Livingston	6,622	43
Madison	6,936	31
Monroe	92,361	382
Montgomery	6,757	50

Nassau	220,612	387
Niagara	26,640	131
NYC	1,115,071	1,190
Oneida	31,332	137
Onondaga	56,645	275
Ontario	10,818	77
Orange	60,218	162
Orleans	5,108	32
Oswego	13,247	98
Otsego	5,025	17
Putnam	12,852	12
Rensselaer	16,342	69
Rockland	54,607	74
Saratoga	22,666	122
Schenectady	18,276	69
Schoharie	2,511	11
Schuyler	1,757	3
Seneca	2,979	21
St. Lawrence	12,027	92
Steuben	11,543	64
Suffolk	248,244	432
Sullivan	9,093	37
Tioga	5,966	69
Tompkins	7,020	14
Ulster	18,250	50
Warren	6,549	34
Washington	5,827	50
Wayne	9,484	76
Westchester	146,085	150
Wyoming	4,886	28
Yates	1,866	13

Yè, genyen 31 Nouyòkè ki mouri akoz COVID-19, sa ki fè total la vin konpile atravè HERDS a 46,101. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Allegany	1
Bronx	3
Broome	1
Cattaraugus	2
Erie	3
Genesee	1
Jefferson	2
Kings	4
Manhattan	2
Monroe	1
Oneida	3
Orange	2
Queens	1
Rensselaer	1
Saratoga	1
St. Lawrence	1
Suffolk	2

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nou yòkè yo ki elijib ki gen 12 zan ak plis pou vaksinasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan, ak 10 sit ki ouvè pou Nouyòkè yo ki gen laj 5 ane oswa plis. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat ptit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [\*\*nouvo sitwèb\*\*](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yè, 19,256 Nouyòkè te resevwa premye dòz vaksen yo, epi 10,899 pran tout dòz nan seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo prezante konsa:

<b>Rejyon</b>	<b>Moun ki pran omwen yon dòz vaksen</b>		<b>Moun ki pran tout seri vaksen yo</b>	
	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo</b>
Capital Region	784,338	1,276	713,098	456
Central New York	605,377	199	558,922	118
Finger Lakes	800,133	811	736,623	580
Long Island	1,982,903	1,073	1,765,376	1,315
Mid-Hudson	1,536,314	1,628	1,354,562	782
Mohawk Valley	304,933	616	281,761	165
New York City	7,064,363	11,696	6,317,205	6,680
North Country	282,911	483	254,544	37
Southern Tier	408,900	350	373,063	191
Western New York	878,022	1,124	800,435	575
Nan tout Eta a	14,648,194	19,256	13,155,589	10,899

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou

plan federal la, sa ki gen ladan I dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

Kesyon	Lopital	Mezon Retrèt	ACF	LHCSA	Hospice	CHHA	Total
Total anplwaye yo revoke poutèt yo pa vaksinnen	3,880 (0.75%)	2,059 (1.37%)	246 (0.81%)	6,563 (2.29%)	74 (1.20%)	71 (0.50%)	12,893
Total anplwaye ki demisyone ak pran retrèt poutèt yo pa vaksinen	1,705 (0.33%)	110 (0.07%)	16 (0.05%)	2,645 (0.92%)	75 (1.21%)	83 (0.59%)	4,634
Total pèmisyon/konje ki pa peye akòz yo pa vaksinen epi pa vle vaksinen	1,389 (0.27%)	826 (0.55%)	125 (0.41%)	8,474 (2.96%)	15 (0.24%)	115 (0.82%)	10,944
Total pèmisyon/konje ki pa peye akòz yo pa vaksinen MEN kounye a y ap tann premye dòz la	86 (0.02%)	1,321 (0.88%)	436 (1.43%)	3,848 (1.34%)	9 (0.15%)	8 (0.06%)	5,708
Total anplwaye INAKTIF nan kategori anwo yo	7,060	4,316	823	21,530	173	277	34,179
Total anplwaye AKTIF ki rapòte nan 16/11/21	509,297	145,854	29,642	264,883	6,007	13,819	969,502
Montan Total	516,357	150,170	30,465	286,413	6,180	14,096	1,003,681

Pousantaj yo se apwoksimasyon. Yo baze sou done pwòp moun nan rapòte pou 16/11/21. Denominatè yo se anplwaye aktif ki rapòte pou 16/11/21 plis kategori inaktif yo ki anwo a; yo pa enkli fliktiyasyon mendèv yo ki ka te rive anplis kategori sa yo ki anwo a.

###